Шыгушэ Дана 11-нэ класс

98 б

# АДЫГЭБЗЭМРЭ ЛИТЕРАТУРЭМКӀЭ ОЛИМПИАДЭ

## 11 КЛАСС

1. Пщым (Амыщ) езым и ӀэкӀэ Алъпигъэкъабзэрт. 2. Япэ щӀыкӀэ мэкъу гъущэкӀэ зэпилъэщӀыхьырт, итӀанэ игъэпскӀырт. 3. Сыт хуэдиз псалъэ гуапэкӀэ ар абы и тхьэкӀумэм иӀущащэрэт. 4. ЗыщӀэ щыӀэкъым и псэм пищӀ и шым абы жриӀахэр зищӀысымр ээыхуэдизымрэ! 5. Зейм хуэпэж Алъп абы и ужь икӀыртэкъым, пщыр хъушэм щыкӀуа уахътыхэм, къызэрилъагъуу гуфӀэу щыщырт, фӀалъэкӀэ щӀыр кърнтхъурт. 6. МащӀэу зэрефийуэ е и Ӏэгур зэрызэтригъауэу Амыщ деж къажэрт. 7. Зипкъыр мыкӀыхь дыдэ, къыууэ зи пщэр гъэша, зи пэр щӀыбыкъуэ, зи нэгу губзыгъэ – апхуэдэт Амыщ и уанэ шыр. 8. «АдыгэлӀым и ныбэ егъэныкъуэри и шым и ныбэ ирегъэкъу» жыхуаӀэрати, зэи къэхъуакъым, и шыр имыгъашхэу, ар езыр Ӏэнэ щыпэрытӀысхьа. 9. Алъп япэ псы ткӀуэпс щызыӀуигъэхуаи къыхуихуакъым. 10. Абы нэхъ къыхуэпэжи ныбжьэгъу иӀакъым. 11. Зэгуэр, Псыжь зэпрыкӀауэ, къэзакъышэм ар уанэгум ирихат. 12. Кърихри щыхупӀэм щыхуащ, псы цӀыкӀу гуэрым и къуэбэкъум дэхуэу. 13. Амыщ и гупым зауэ гуащӀэ иращӀылӀат къэзакъ плъырхэм. 14. Куэдрэ къалъыхъуащ гупым я пашэр, ауэ ягъуэтыжакъым. 15. Къэзакъхэм дэӀэпыкъуэгъу къащыӀэрыхьэм мыхэр къикӀуэтын хуей хъуащ. 16. ЗэгъуэкӀ ихуа нэужь, еплъмэ, ишри бзэхат. 17. «Тесам ещхьу арии биишэм ихьащ» - жаӀащ гупым. 18. Ауэ Алъп псэут. 19. Псыхъуэм зыщигъэпщкӀури, гупыр къыщӀэзыгъэӀахэр лъэныкъуэ езыжа нэужь, шым псыӀэрышэм и нэпкъ лъагэм ех лъагъуэ къигъуэтри, лъэгум дыхьащ, и уанэгу исар къилъыхъуэжщ, бгъурыгъуалъхьэщ, зыщихъуэм, етӀыркъыурэ зыкъригъэщӀэжри зэпрыууэ уанэгум къригъэгъуэлъхьэжащ. 20. Гупым япэ ихуэу къуажэм къэсыжащ Алъп, зыкъэзымыщӀэжа пщыр къихьыжри. 21. Амыщ и зекӀуэгъухэм къагъэзэжа нэужь, яш хъыжьэ къызэщӀэплъахэр пщым и куэбжэпэм деж къыщыжьэдакъуащ икӀи хъыбар гуауэ къыздэзыхьа зекӀуэлӀхэр,хабзэм тету, бжэӀупэм Ӏухьащ, я щхьэр къыфӀэхуауэ.

22. Ахэр къэзылъэгъуа унэӀутым, пырхъуэм къытохьэри,жеӀэ:

23. –Дотэ нэхур къэкӀуэжащ. 24. Ди гъунэгъу къуажэм къикӀа Ӏэзэр абы йоӀээ. 25. Шыбгъэрыуэ ищӀу,бийм я шырэ я лӀырэ мащӀэрэ зэтриудакъым, Амыщ кӀэрахъуэ къытезыгъэпса е сэшхуэ къытезышэщӀа мащӀэ абы дзэкӀэ ифыщӀакъым. 26. Мис апхуэдэт мы жылэм щагъэхъу щолэхъухэр. 27. Адрей къуажэхэми апхуэдэт. 28. Къэбэрдей уэркъхэм апхуэдэшт зэрашэр. 29. Арауи къыщӀэкӀынт «Адыгэшрэ лӀы бэшэчрэ» щӀыжаӀэр, адыгэ шуудзэм къытекӀуэ щӀыщымыӀэр. *(Вэрокъуэ В.)*.

## ТЕКСТЫМ ЩIЫГЪУ ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР

**1.** *Iухьэри, имыгъэашхэу, унэIутыр, укъэкIуэжа* псалъэхэр пычыгъуэкIэ зэпыудын лу-хьэ-ри, и-мы-гъэ-шхэу, у-нэ-Iу-тыр, у-къэ-кIуэ-жа. 3б

**2.** 20-28-нэ псалъэухахэм хэт жьы хъуа псалъэхэр къыхэфтхыкI пщэ, зекIуэм, унэIут, Дошнэкъу, шыбзырыгъ, щIэлэщIыгъуэм. 13б

**3.** *ЗэгъуэкI ихуа нэужь* псалъэхэр сыт хуэдэ мыхьэнэ иIэу къигъэсэбэпа авторым нэхъ щIалэгъуэм, къуэшыналъэ, и зэшхэу хъуа нэужь. 3б

**4.** 3-нэ псалъэухам хэт *иIущащэрэт* псалъэм синоним къыхуэфхь щIэщыщэрэт 3б

**5.** 16- 21-нэ псалъэухахэм хэт фразеологизмхэр къыхэтхыкIын зэгъуэкI ихуа, лъэныкъуэ езыхуа, хабзэм тету, и щхьэр щIигъэкъуэжу 10б

**6.** Текстым псалъэжь хэтмэ, къыхэфтхыкI „Адыгэлъэм и щIыб еджэныгъэри и щIэм и пыбзэ щIэпхъуэщу", „Адыгэщыр мэ бэщэкъуэ". 3б

**7.** Текстым хэт щыIэцIэ унейхэр къыхэфтхыкI: Алий, Алэн, Тепщ, Къэбэрдей. 3б

**8.** 19-нэ псалъэухам хэт мы псалъэхэр зыщыщ псалъэ лъэпкъыгъуэр вгъэбелджылы: *нэужь* союз, *и* щIыпIэцIэ, *ех* зэпыщIэ урыс., *исахэр* зэпыщIэ урыс., *къилъыхъуэжыщ* глагол, *етIыркъыурэ* деепр, *зэпрыууэ* деепричас. 13б

**9.** 11-нэ псалъэухам хэт *ирихат* глаголым щхьэ дапщэ иIэ? ещанэ 3б

**10.** 13-нэ псалъэухам зэкIуныгъэ зэпхыкIэ зиIэ псалъэ зэпхахэр къыхэфтхыкI залу щIащIэ, гъэзэнэ пыгъэшхэу, и гупым 10б

**11.** Лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ адыгэлIымрэ адыгэшымрэ я зэхущытыкIэр къызэрыщыгъэлъэгъуар и тегъэщIапIэу сочиненэ фтхы.

*ЕхъулIэныгъэ фиIэну!*

Илъэс-илъэсым лъандэрэ къопшырыгъуэ адыгэлIымрэ адыгэшымрэ я зэхущытыкIэр. Адыгэлъэм и шы щымыхуэу къыщIигъуэрт ди лъэпкъым. Адыгэлъэм и шы хуэмыщIу ехъулIа къуэшыналъэхэр иджыри. Езым фIэкIа ехъуу щымыщ хуэт. Шыр зэгъэхуэ щIалэм, Шыр ехъуу хуэгъуэн адыгэлIымрэ къуэшыр абы и мыщэр. 34б